CAREERINDIA

Signature and Name of Invigilator

1. (Signature) ____________________

(Name) ____________________

2. (Signature) ____________________

(Name) ____________________

OMR Sheet No. : ..........................................
(To be filled by the Candidate)

Roll No. | | | | | | | | |

(In figures as per admission card)

Roll No. ____________________

(In words)

J 1 8 1 5

Time : 2½ hours]

# PAPER - III
# MAITHILI

[Maximum Marks : 150

Number of Pages in this Booklet : 12

Number of Questions in this Booklet : 75

## Instructions for the Candidates

1. Write your roll number in the space provided on the top of this page.
2. This paper consists of seventy five multiple-choice type of questions.
3. At the commencement of examination, the question booklet will be given to you. In the first 5 minutes, you are requested to open the booklet and compulsorily examine it as below :
   (i) To have access to the Question Booklet, tear off the paper seal on the edge of this cover page. Do not accept a booklet without sticker-seal and do not accept an open booklet.
   (ii) **Tally the number of pages and number of questions in the booklet with the information printed on the cover page. Faulty booklets due to pages/questions missing or duplicate or not in serial order or any other discrepancy should be got replaced immediately by a correct booklet from the invigilator within the period of 5 minutes. Afterwards, neither the Question Booklet will be replaced nor any extra time will be given.**
   (iii) After this verification is over, the Test Booklet Number should be entered on the OMR Sheet and the OMR Sheet Number should be entered on this Test Booklet.
4. Each item has four alternative responses marked (1), (2), (3) and (4). You have to darken the circle as indicated below on the correct response against each item.

   **Example :** ① ② ● ④ where (3) is the correct response.
5. Your responses to the items are to be indicated in the **OMR Sheet given inside the Booklet only.** If you mark your response at any place other than in the circle in the OMR Sheet, it will not be evaluated.
6. Read instructions given inside carefully.
7. Rough Work is to be done in the end of this booklet.
8. If you write your Name, Roll Number, Phone Number or put any mark on any part of the OMR Sheet, except for the space allotted for the relevant entries, which may disclose your identity, or use abusive language or employ any other unfair means, such as change of response by scratching or using white fluid, you will render yourself liable to disqualification.
9. You have to return the original OMR Sheet to the invigilators at the end of the examination compulsorily and must not carry it with you outside the Examination Hall. You are however, allowed to carry original question booklet and duplicate copy of OMR Sheet on conclusion of examination.
10. **Use only Blue/Black Ball point pen.**
11. **Use of any calculator or log table etc., is prohibited.**
12. **There are no negative marks for incorrect answers.**

## परीक्षार्थियों के लिए निर्देश

1. इस पृष्ठ के ऊपर नियत स्थान पर अपना रोल नम्बर लिखिए।
2. इस प्रश्न-पत्र में पचहत्तर बहुविकल्पीय प्रश्न हैं।
3. परीक्षा प्रारम्भ होने पर, प्रश्न-पुस्तिका आपको दे दी जायेगी। पहले पाँच मिनट आपको प्रश्न-पुस्तिका खोलने तथा उसकी निम्नलिखित जाँच के लिए दिये जायेंगे, जिसकी जाँच आपको अवश्य करनी है :
   (i) प्रश्न-पुस्तिका खोलने के लिए पुस्तिका पर लगी कागज की सील को फाड़ लें। खुली हुई या बिना स्टीकर-सील की पुस्तिका स्वीकार न करें।
   (ii) **कवर पृष्ठ पर छपे निर्देशानुसार प्रश्न-पुस्तिका के पृष्ठ तथा प्रश्नों की संख्या को अच्छी तरह चैक कर लें कि ये पूरे हैं। दोषपूर्ण पुस्तिका जिनमें पृष्ठ/प्रश्न कम हों या दुबारा आ गये हों या सीरियल में न हों अर्थात किसी भी प्रकार की त्रुटिपूर्ण पुस्तिका स्वीकार न करें तथा उसी समय उसे लौटाकर उसके स्थान पर दूसरी सही प्रश्न-पुस्तिका ले लें। इसके लिए आपको पाँच मिनट दिये जायेंगे। उसके बाद न तो आपकी प्रश्न-पुस्तिका वापस ली जायेगी और न ही आपको अतिरिक्त समय दिया जायेगा।**
   (iii) इस जाँच के बाद प्रश्न-पुस्तिका का नंबर OMR पत्रक पर अंकित करें और OMR पत्रक का नंबर इस प्रश्न-पुस्तिका पर अंकित कर दें।
4. प्रत्येक प्रश्न के लिए चार उत्तर विकल्प (1), (2), (3) तथा (4) दिये गये हैं। आपको सही उत्तर के वृत्त को पेन से भरकर काला करना है जैसा कि नीचे दिखाया गया है।

   **उदाहरण :** ① ② ● ④ जबकि (3) सही उत्तर है।
5. प्रश्नों के उत्तर **केवल प्रश्न पुस्तिका के अन्दर दिये गये OMR पत्रक पर ही** अंकित करने हैं। यदि आप OMR पत्रक पर दिये गये वृत्त के अलावा किसी अन्य स्थान पर उत्तर चिन्हांकित करते हैं, तो उसका मूल्यांकन नहीं होगा।
6. अन्दर दिये गये निर्देशों को ध्यानपूर्वक पढ़ें।
7. कच्चा काम (Rough Work) इस पुस्तिका के अन्तिम पृष्ठ पर करें।
8. यदि आप OMR पत्रक पर नियत स्थान के अलावा अपना नाम, रोल नम्बर, फोन नम्बर या कोई भी ऐसा चिह्न जिससे आपकी पहचान हो सके, अंकित करते हैं अथवा अभद्र भाषा का प्रयोग करते हैं, या कोई अन्य अनुचित साधन का प्रयोग करते हैं, जैसे कि अंकित किये गये उत्तर को मिटाना या सफेद स्याही से बदलना तो परीक्षा के लिये अयोग्य घोषित किये जा सकते हैं।
9. आपको परीक्षा समाप्त होने पर मूल OMR पत्रक निरीक्षक महोदय को लौटाना आवश्यक है और परीक्षा समाप्ति के बाद उसे अपने साथ परीक्षा भवन से बाहर न लेकर जायें। हालांकि आप परीक्षा समाप्ति पर मूल प्रश्न-पुस्तिका तथा OMR पत्रक की डुप्लीकेट प्रति अपने साथ ले जा सकते हैं।
10. **केवल नीले/काले बाल प्वाईंट पेन का ही इस्तेमाल करें।**
11. **किसी भी प्रकार का संगणक (कैलकुलेटर) या लाग टेबल आदि का प्रयोग वर्जित है।**
12. **गलत उत्तरों के लिए कोई नकारात्मक अंक नहीं हैं।**

www.careerindia.com

CAREERINDIA

# MAITHILI

# मैथिली

## PAPER - III

## प्रश्नपत्र - III

**Note :** This paper contains **seventy five (75)** objective type questions of **two (2)** marks each. **All** questions are **compulsory**.

**नोट :** एहिमे **पचहत्तरि (75)** बहु-विकल्पीय प्रश्न अछि। प्रत्येक प्रश्नक **दू (2)** अंक अछि। **सभ** प्रश्न अनिवार्य अछि।

**1.** 'बोल रोड़ा जकाँ चालि घोड़ा जकाँ पेट मोड़ा जकाँ वा बखारे बुझू'-ई पंक्ति अछि :

(1) युग चक्रक (2) लोक लक्षणक (3) सूक्ति-सुधाक (4) उनटा पालक

**2.** 'रामविजय' लिखल गेल अछि।

(1) नेपालमे (2) बंगालमे (3) असममे (4) मिथिलामे

**3.** 'मनोरथ' लिखने छथि :

(1) प्रेमलता मिश्र 'प्रेम' (2) कुणाल (3) रेवती रमण लाल (4) भाग्यनारायण झा

**4.** 'घटकक पराभव' लिखने छथि :

(1) गोविन्द झा (2) तन्त्रनाथ झा (3) कुमार गंगानन्द सिंह (4) रामदेव झा

**5.** 'तार' पढ़यबाक वर्णन आयल अछि :

(1) बिदागरीमे (2) कलामे (3) कन्यादानमे (4) हमरा लग रहब ? मे

**6.** समस्या आ समाधान-दुनूक समावेश कयने छथि :

(1) पनिपतमे (2) भोरुकबामे (3) आन्दोलनमे (4) नवतुरिआमे

**7.** 'साहित्य अकादेमी' सँ पुरस्कृत अछि :

(1) लोरिक विजय (2) दू-पत्र (3) बिहाड़ि पात आ पाथर (4) नवारंभ

www.careerindia.com

CAREERINDIA

8. 'लवहरि-कुशहरि' लिखने छथि :

(1) सोमदेव (2) रमानन्द रेणु (3) जगदीश प्रसाद मण्डल (4) मणिपद्म

9. राजकमल 'आन्दोलन' उपन्यासक रचना कयलनि :

(1) मंसूरी मे (2) महिषी मे (3) कोलकाता मे (4) पटना मे

10. 'लिली रे' क छद्म नाम रहल अछि :

(1) अल्पनाशरण (2) कल्पनाशरण (3) वन्दनाशरण (4) अर्चनाशरण

11. 'प्रभास कुमार चौधरी' क गाम अछि :

(1) सुपौल (2) बड़गाम (3) ठाढ़ी (4) पिण्डारुछ

12. 'टोटमा' लिखने छथि :

(1) भोलानाथ झा (2) उमानाथ झा (3) हरिमोहन झा (4) योगानन्द झा

13. 'एकादशी' अछि :

(1) कविता संग्रह (2) कथा संग्रह (3) एकांकी संग्रह (4) निबन्ध संग्रह

14. 'यैह कनिया-काकी छथि जे बाड़ीमे दू टा काँच मेरचाइ तोड़ि लेलियनि तँ हाथ मचोड़िकेँ छीनि लेलनि। आइ मुसराधार बरखामे जखन दबाइक काज पड़लनि अछि तँ बौआ-बौआ कहि कऽ गऽर घिचने छथि'-ई पंक्ति अछि :

(1) बिहाड़िमे (2) रूसल जमायमे (3) मधुरमनिमे (4) बालगोबिनमे

15. 'ओभरलोड' कथा लिखने छथि :

(1) राजकमल (2) सोमदेव (3) ललित (4) जीवकान्त

16. स्वांग रचब हमर जीवन ओ जीविका भऽ गेल-ई पंक्ति अछि :

(1) ललकापागमे (2) साँझकगाछमे (3) फुलपरासवालीमे (4) घड़ीमे

www.careerindia.com

CAREERINDIA

**17.** 'मिझाइत दीप' कथा लिखने छथि :

(1) राधाकृष्ण 'बहेड़' (2) धीरेन्द्र (3) गंगेश गुंजन (4) मायानन्द मिश्र

**18.** 'त्रिकोण' कथा अछि :

(1) हंसराजक (2) धूमकेतुक (3) रमानन्द रेणुक (4) बलरामक

**19.** 'नव घर उठय पुरान घर खसय' संग्रह थिकनि :

(1) इन्द्रकान्त झाक (2) प्रभास कुमार चौधरीक
(3) नवोनाथ झाक (4) विद्यानाथ झा 'विदित' क

**20.** 'काठक बनल लोक' अछि :

(1) एकांकी (2) उपन्यास (3) नाटक (4) कथा

**21.** 'अलंकार-भास्कर'क रचयिता छथि :

(1) जयधारी सिंह (2) किशोरनाथ झा (3) रमण झा (4) दामोदर झा

**22.** 'भाषणत्रयी' क सम्पादक छथि :

(1) शरदिन्दु चौधरी (2) देवेन्द्र झा (3) बासुकीनाथ झा (4) देवकान्त झा

**23.** 'बलचनमा' उपन्यास पर आलोचनाक पोथी लिखने छथि :

(1) मोहन भारद्वाज (2) देवशंकर नवीन (3) केदार कानन (4) वीरेन्द्र झा

**24.** 'शोधार्थी' पत्रिकाक सम्पादक छथि :

(1) धीरेन्द्रनाथ मिश्र (2) केठकर ठाकुर (3) अशोक कुमार मेहता (4) मधुकान्त झा

**25.** वृक्षक नूतनता. पल्लवक उद्‌गम. कुमुदक संभार. मलयानिलक वेग. __________ मे वर्णन अछि।

(1) ग्रीष्मक (2) पावसक (3) शरदक (4) वसन्तक

www.careerindia.com

CAREERINDIA

26. 'मुदा घर-आङनक विलोवन कयने जाओ। फल्लाँ चलली! __________ ई पंक्ति लिखने छथि :

(1) किरणजी (2) यात्रीजी (3) मणिपद्मजी (4) व्यासजी

27. 'नातिक पत्रक उत्तर' मे नातिक नाम अछि :

(1) हरिशंकर (2) शंकर (3) शिवशंकर (4) रविशंकर

28. 'एहि प्रबुद्ध युगमे समाजकेँ कोन प्रकारक कवि चाही? की कवि लोकनि आबहु कमल-कुमुद, सूर्य-चन्द्र, शरद-वसन्त एतबे धरि अपनाकेँ सीमित राखथु?'-ई उद्घोष चित्राक भूमिकामे कयने छथि :

(1) सुरेन्द्र झा 'सुमन' (2) उपेन्द्र ठाकुर 'मोहन'

(3) वैद्यनाथ मिश्र यात्री (4) जयकान्त मिश्र

29. 'विद्यापति' प्रकाशित अछि :

(1) मैथिली अकादमीसँ (2) साहित्य अकादमीसँ

(3) मैथिली साहित्य संस्थानसँ (4) साहित्यिकीसँ

30. 'नवीन निबन्ध संकलन' लिखने छथि :

(1) कपिलेश्वर झा (2) कृष्ण कुमार ठाकुर (3) अमरेश पाठक (4) अमरनाथ झा

31. गुवाहाटीक 'पूर्वोत्तर मैथिल'क प्रकाशन सम्प्रति प्रारंभ भेल अछि :

(1) दरभंगासँ (2) पटनासँ (3) राँचीसँ (4) जनकपुरसँ

32. 'मिथिला मिहिर'क पुनर्प्रकाशन प्रारंभ भेल :

(1) 1960 मे (2) 1961 मे (3) 1962 मे (4) 1963 मे

33. 'काशी'सँ प्रकाशित मैथिली पत्रिका अछि :

(1) मैथिल हित-साधन (2) मिथिला-मिहिर (3) मिथिला-मोद (4) वैदेही

www.careerindia.com

CAREERINDIA

**34.** 'मुरलीधर झा' सम्पादक छलाह :

(1) मैथिली साहित्य पत्रक (2) भारती-मंडनक

(3) कोशी-कुसुमक (4) मिथिला-मोदक

**35.** मैथिलीक 'इन्टरनेट' पत्रिकाक प्रतिष्ठापक छथि :

(1) विश्वनाथ (2) गजेन्द्र ठाकुर (3) किसुन कारीगर (4) तारानन्द वियोगी

**36.** 'मैथिली साहित्य-पत्र' मे प्रकाशित भेल :

(1) मुद्राराक्षस (2) मुक्त-मधुप (3) शृंगार-भजनावली (4) कृष्णचरित

**37.** 'हो रामा!' टेक होइत अछि :

(1) सोहरक (2) चैतावरक (3) बटगमनीक (4) लगनीक

**38.** 'लोकनाट्य' अछि :

(1) नैका बनिजारा (2) जट-जटिन (3) बारहमासा (4) मर्सिया

**39.** 'लोकगाथा विवेचन' लिखने छथि :

(1) विश्वेश्वर मिश्र (2) विलट पासवान 'विहंगम'

(3) किशोरी कान्त मिश्र (4) राजेश्वर झा

**40.** 'लगनी' गाओल जाइत अछि :

(1) जाँत पिसबाक कालमे (2) बेटीक द्विरागमनक कालमे

(3) बच्चाक जन्मक कालमे (4) मूड़नक कालमे

**41.** 'अमिञ चुबिअ महि खसत, बघम्बर जागत हे

होयत बघम्बर बाघ, बसहा धरि खायत हे'-एहि महेशवाणीमे महादेवके सोच होइत छनि :

(1) एक प्रकारक (2) दू प्रकारक (3) तीन प्रकारक (4) चारि प्रकारक

www.careerindia.com

CAREERINDIA

**42.** 'अगमने पेम गमने कुलजायत

चिन्ता पंक लागलि करिणी'-एहिमे नायिकाक वर्णन अछि :

(1) कल्हान्तरिताक (2) प्रोषितपतिकाक (3) अभिसारिकाक (4) खण्डिताक

**43.** 'मुक्तक काव्य'क प्रवर्त्तक छथि

(1) विद्यापति (2) नन्दीपति (3) गोविन्ददास (4) मनबोध

**44.** 'पुरुषपरीक्षा'क अनुवाद कयने छथि

(1) ग्रियर्सन-अमरनाथ झा-मुरलीधर झा (2) सुभद्र झा-सर गंगानाथ झा-चन्दा झा

(3) आनन्द मिश्र-जयदेव मिश्र-गोविन्द झा (4) चन्दा झा-रमानाथ झा-सुमनजी

**45.** विद्यापतिक प्रभाव पड़ल

(1) दक्षिणांचलमे (2) पश्चिमांचलमे (3) पूर्वांचलमे (4) उत्तरांचलमे

**46.** 'झम्पि घन गरजन्ति संतति

भुवन भरि बरसन्तिया'-मे नायिकाक वर्णन अछि :

(1) विरहिणीक (2) मानिनीक (3) अभिसारिकाक (4) मुग्धाक

**47.** 'अहह अशोकवाटिकाभ्यन्तर, वृक्ष-शिंशुपा छाया

लङ्कापुरी राक्षसी-घेरलि, छथि प्रभु अपनेक माया'- ई कथन अछि :

(1) त्रिजटाक (2) हनुमानक (3) विभीषणक (4) अंगदक

**48.** 'जानकीक __________ नाम तिरहूति' - मे रिक्त स्थानमे होयत :

(1) समाधिभूमि (2) सिद्धभूमि (3) कर्मभूमि (4) जन्मभूमि

**49.** 'कवीश्वर'क गीतक संग्रह थिक

(1) वाताह्वान (2) लक्ष्मीश्वर विलास (3) चन्द्रपद्यावली (4) मिथिला भाषा रामायण

www.careerindia.com

CAREERINDIA

**50.** 'चन्दा झा' अनुवाद कयलनि :

(1) कर्पूरमंजरीक (2) रघुवंशक (3) धम्मपदक (4) पुरुषपरीक्षाक

**51.** 'मिथिला भाषा रामायण'मे सुरसाक वर्णन भेल

(1) अयोध्याकाण्डमे (2) अरण्यकाण्डमे (3) किष्किन्धाकाण्डमे (4) सुन्दरकाण्डमे

**52.** 'हा रघुनाथ अनाथ जकाँ दशकण्ठपुरी हम आइलि छी
सिंहकत्रास महावनमे हरिणीक समान डेराइलि छी' – एहिमे छन्द अछि :

(1) मालिनी (2) दोहा (3) चौपाई (4) सोरठा

**53.** 'लालदास'क रचित रामायणक नाम थिक :

(1) सीतायन (2) रामसुयश सागर
(3) रमेश्वर चरित मिथिला रामायण (4) मिथिला भाषा रामायण

**54.** 'एकवीर' नायक छथि :

(1) सुभद्राहरणमे (2) एकावलीपरिणयमे (3) अम्बचरितमे (4) कृष्णचरितमे

**55.** 'एकावली-परिणय' क कथावस्तु लेल गेल अछि :

(1) देवीभागवतसँ (2) विष्णुपुराणसँ (3) शिवपुराणसँ (4) स्कन्दपुराणसँ

**56.** 'सुभद्रा'क हरण कयलनि :

(1) भीष्म (2) बलराम (3) अर्जुन (4) कृष्ण

**57.** 'अम्बचरित' लिखने छथि :

(1) रघुनन्दन दास (2) दीनानाथ पाठक 'बन्धु'
(3) जीवनाथ झा (4) सीताराम झा

www.careerindia.com

CAREERINDIA

58. चिन्ता क्षार करय रग-रगकैं चलइत शोणित शेष

चिन्तायुक्त मनुष्य मनुज नहि, मृतक तुल्य अवशेष'- ई पंक्ति लेल गेल अछि :

(1) अगस्त्यायनीसँ (2) चाणक्यसँ (3) शकुन्तलासँ (4) व्यथासँ

59. 'साहित्य अकादेमी'सँ पुरस्कृत अछि :

(1) परमशिव (2) दत्तवती (3) कृष्णचरित (4) बुद्धायन

60. 'शकुन्तला' खण्डकाव्य प्रकाशित भेल अछि :

(1) मैथिली मंदिरसँ (2) नेशनल बुक ट्रस्टसँ (3) साहित्य अकादेमीसँ (4) मैथिली अकादेमीसँ

61. मँडन-शंकराचार्यक शास्त्रार्थ स्थल अछि :

(1) वनगाम (2) महिषी (3) परसरमा (4) उच्चैठ

62. 'पतन' विभाजित अछि

(1) पल्लवमे (2) कल्लोलमे (3) सर्गमे (4) सोपानमे

63. 'मत्स्य नई जकरा मलाह क्यो जाल बझाबय

हिंसाजीवी अपन जीविका जतय चलाबय' - ई पंक्ति थिक :

(1) भारतीक (2) नोरक (3) उत्सर्गक (4) उत्तराक

64. एकलव्य द्रोणाचार्यक ...... मूर्ति बनाय धनुर्विद्याक अभ्यास कयलनि -एतय रिक्त स्थानमे होयत :

(1) काठक (2) माटिक (3) पाथरक (4) द्रव्यक

65. 'भावाञ्जलि' अछि :

(1) प्रशस्ति काव्य (2) भक्ति काव्य (3) वीर काव्य (4) कुकाव्य

www.careerindia.com

66. ‘अमर’जीक कविता संग्रह अछि :

(1) अपक्ष (2) आत्मनेपद (3) आशा–दिशा (4) अवान्तर

67. ‘सूर्यमुखी’क रचनाकार छथि

(1) ईशनाथ झा (2) आरसी प्रसाद सिंह (3) भवप्रीतानन्द ओझा (4) राघवाचार्य शास्त्री

68. ‘फेकनी’ लिखने छथि

(1) मधुप (2) किरण (3) मणिपद्म (4) यात्री

69. ‘संचित आयु कोषसँ होइछ श्वास–श्वास व्यय हन्त!

वर्ष प्रवेशक हर्ष अमृतमे घोरल विषमय अन्त’ – ई पंक्ति लेल गेल अछि

(1) हुंकारसँ (2) कथायूथिकासँ (3) प्रतिपदासँ (4) अर्चनासँ

70. ‘छलाहे जे बहुत रूसल, मदन धनु वाणसँ हूसल :

स्वसंगी वर्गसँ धूसल, हमर ई आइ अयला हे’ – ई लिखने छथि

(1) काशीकान्त मिश्र ‘मधुप’ (2) बुद्धिनाथ मिश्र

(3) मायानन्द मिश्र (4) जयप्रकाश चौधरी ‘जनक’

**निर्देश :** निम्नलिखित गद्यांशकेँ ध्यानपूर्वक पढ़ि ओहिसँ सम्बद्ध प्रश्नावली (प्रश्न संख्या **71** सँ **75**) क उत्तरक हेतु देल गेल बहुविकल्पसँ सही विकल्पक चयन करू :

जाहि राष्ट्र वा समाजक अधिकांश व्यक्ति अर्थसंचय तथा ऐहिक समृद्धिकें अपन एकमात्र लक्ष्य बुझैत होथि, ओहिमे नैतिक मान्यताक अवमूल्यन अवश्यम्भावी। एहन समाजक नैतिक तन्तु दुर्बल भ’ जाइत छैक। आ’ ओकर समृद्धि चिरस्थायी नहि होइत छैक। लोकतंत्रमे जँ मतदाताक शिक्षित होयब अनिवार्य नहि तँ विधायकक हेतु सेहो शैक्षिक योग्यताक विधान नहि रहैछ। इएह बात मंत्रिमंडलक प्रसंग सेहो कहल जा सकैत अछि। सामान्य शिक्षा प्राप्त व्यक्ति सेहो आधुनिक आर्थिक, वैज्ञानिक आ प्राविधिक समस्याकेँ बुझबामे विशेष प्रयासक बादे समर्थ होइत छथि। जनिका सामान्य शिक्षा सेहो नहि छनि हुनका एहि सभक लेशमात्र ज्ञान नहि। फलत: ओ अपन संवैधानिक उत्तरदायित्वक पालन सुचारू रूपेँ नहीं क’ सकैत छथि। ओ कोनो विषय पर स्वतंत्र विचार नहि व्यक्त क’ सकैत छथि आ’ तेँ ओ ‘निहित स्वार्थक प्रचारसँ अधिक प्रभावित होइत छथि अथवा जाहि राजनैतिक दलक ओ सदस्य रहैत छथि तकर पक्षमे आदेशानुसार मतदान करैत छथि।

CAREERINDIA

एहन परिस्थितिमे बुद्धिजीवीक इहो कर्त्तव्य होइछ जे समय-समय पर उपस्थित प्रश्नसभक प्रसंग अपन निष्पक्ष एवं स्वतन्त्र विचार प्रकट क' शासक ओ विधायक वर्गक सेहो मार्गदर्शन करथि। जे व्यक्ति अर्थात् राजनैतिक विचार शृंखलामे आबद्ध होइत छथि, हुनक निरपेक्षता असम्भव। हुनक दृष्टिकोण संकुचित होइत छनि तथा सार्वजनिक कार्यमे यदा-कदा अनुदारता एवं असहिष्णुताक परिचय दैत छथि। बुद्धिजीवी अपेक्षाकृत अधिक व्यष्टिवादी होइत छथि। तेँ ओहि वर्गमे शृंखलाबद्धता कम रहैत अछि। चिन्तन एवं अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता लोकतंत्रक सबल स्तम्भ होइछ। बुद्धिजीवीक हेतु ई आवश्यक जे लोक कल्याण मात्रहिमे हुनक स्वार्थ निहित रहनि। दुर्भाग्यवश अनेक कारणेँ बुद्धिजीवी समाज ओ अपन बीच लक्ष्मण-रेखा खीचि दैत छथि। पृथकता एहि प्रवृत्तिक कारण समाजक प्रति अपन कर्त्तव्यक पालन ओ सम्यक् रूपेँ नहि क' सकैत छथि।

**71.** एहन समाजक दुर्बल भ' जाइत छैक :

(1) आर्थिक तन्तु (2) नैतिक तन्तु (3) सामाजिक तन्तु (4) सांस्कृतिक तन्तु

**72.** ओ कोनो विषय पर नहि व्यक्त क' सकैत छथि :

(1) आरोप-प्रत्यारोप (2) अनर्गल प्रलाप (3) निष्पक्ष व्याख्यान (4) स्वतन्त्र विचार

**73.** हुनक दृष्टिकोण होइत छनि :

(1) विराट (2) विशाल (3) संकुचित (4) उदार

**74.** बुद्धिजीवी अपेक्षाकृत अधिक होइत छथि :

(1) स्पष्टवादी (2) व्यष्टिवादी (3) समष्टिवादी (4) मृदुवादी

**75.** चिन्तन एवं अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता सबल स्तम्भ होइछ :

(1) शासनतन्त्रक (2) उपनिवेशवादक (3) राजतन्त्रक (4) लोकतन्त्रक

- o 0 o -

www.careerindia.com

CAREERINDIA

**Space For Rough Work**

www.careerindia.com